Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№216 (26189)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2024 азы 26 ноябрь – джеоргуыбайы мæйы 26 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 БЫНÆТТОН ХИУЫНАФФÆЙАД
Æрæфы район

3 ЮБИЛЕЙ
Йæ уацмыстæ йын – аргъгæнæг

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Футбол

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

Æхсызгон фембæлд

Арфæтæ – мадæлтæн



РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО Хицауады хæдзары цы фембæлд сарæзта, уым зæрдиаг арфæтæ ракодта, «Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Мад-хъæбатыры» кадджын ном кæмæн саккаг кодтой, уыцы сылгоймæгтæн. Фембæлд сарæзтæуыд Мады боны кадæн (зындгонд куыд у, афтæмæй уыцы бæрæгбон Уæрæсейы вæййы ноябры фæстаг хуыцаубоны).

Фембæлды архайджытæн арфæ ракæнгæйæ, регионы Сæргълæууæг куыд фæнысан кодта, афтæмæй республикæйы разамынд дарддæр дæр æппæтвæрсыг мадзæлттæ араздзæн, цæмæй рæзгæ фæлтæры аккаг хъомылад æмæ ахуырадæн хорз фадæттæ уа, цæмæй алкæцы ныййарæг дæр йæ цардæй райгонд уа.

– Мад уæвын æнцон нæу, уыцы æууæл сылгоймагæй домы бирæ хъару æмæ удуæлдайдзинад. Уымæ, уый у æцæг амонд – æхсæнадæн аккаг гражданин схъомыл кæнын. Мады бæрæгбоны хорзæх уæд уæд, – загъта Сергей Меняйло.

Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæджы Указæй «Мад-хъæбатыры» кадджын ном лæвæрд æрцыд:

Бойко Галинæ Василийы чызгæн (хъомыл кæны 12 сывæллоны),

Гегкиты Фатимæ Цæлыччы чызгæн (хъомыл кæны 8 сывæллоны),

Чернега Иринæ Владимиры чызгæн (хъомыл кæны 7 сывæллоны),

Цоциты Майæ Гочæйы чызгæн (хъомыл кæны 10 сывæллоны).

Зындгонд куыд у, афтæмæй кадджын ном «Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Мад-хъæбатыр» лæвæрд цæуы, 7 æмæ уымæй фылдæр сывæллоны чи схъомыл кодта (кæнæ кæны) уыцы мадæлтæн. Абоны онг ахæм кадджын ном лæвæрд æрцыд 56 цæгат-ирыстойнаг сылгоймагæн.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ

Æркæсинаг фарста

Аслам у, фæлæ йæ ссарæн нæй...

Уæрæсейаг хосты базарадæй кæд æппын нæ фесæфт, уæддæр йæ ссарын æмæ балхæнын фæстаг рæстæг фæзын, суанг Интернеты афтекты хызы дæр. Рæстæгтай кæм фæзыны, уым та – дзæвгар фылдæр аргъыл.

Ныхас цæуы, аслам цы хос у, ууыл – физиологон таддагыл (физраствор). Цæхджын донæй дарддæр ницы у, фæлæ хостæй бирæты рынчыны дадзинты æнæ уымæй нæй ауадзæн. Цæмæн сæвзæрд ахæм уавæр æмæ, сæйрагдæр, цы цæуы арæзт, уый фæдыл зонгæ кæнæм нæ газеткæсджыты.

Ацы хуымæтæг æмæ аслам, фæлæ рынчынтæ дзæбæх кæныны хъуыддаджы æнæмæнгхъæугæ хосы рауагъд 40-50 проценты кæй фæкъаддæр кодтой фармкомпанитæ, уый ацы уалдзæджы райдайæны бафтыдта сæргъæсы дохтыртæ æмæ афтекты хицæутты. Йæ хиаргъ зынаргъ у, уæй та йæ асламæй кæнынц, уымæ гæсгæ компани састы бынаты зайы. Æнæ ацы хосæй та медицинæйы къабазæн кусæн нæй. Уавæры фæдыл дзæнгæрджытæ канд регионты медицинон кусджытæ, уымæ – ирыстойнæгтæ дæр нæ цагътой, фæлæ суанг егъаудæр рынчындæтты дохтыртæ дæр. Уавæр бæлвырддæр базоны афæлтæрдтам республикæйы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады фармацевтон хайады кусджытæй, фæлæ нæ фæлтæрæнтæ дзæгъæлы уыдысты – «къуырма дзæнгæрджытæн» дзуапп ничи ратта. Нæ уацхæссæг ныхас кодта республикæйы егъаудæр хостæ ифтонггæнæг акционерон æхсæнад «Фармация»-йы генералон директор **Хъодзасты Валентинæимæ**:

– Райхалинаг фарстатæ ис Уæрæсейы хостæ уадзæг компанитæм. Бафыст бадзырдты амынд хосты бæрцуат æххæстæй нæ исæм, бæлвырддæр зæгъгæйæ та – æрмæст се 'мбис. Физиологон таддаг ныр райстам, фæлæ – къаддæр. 200 æмæ 400 миллилитры цы бæрцуæтты ис, уыдонæн, сæ аргъыл нæ бафтыд, афтæмæй. Нæ афтекты хызы сæ ис балхæнæн, – загъта æхсæнады генералон директор.



Ацы æмæ иннæ донхостæ кæнæн ис бынæттон афтекты. Фæлæ, хъыгагæн, уыцы куыст нæ республикæйы кæнынц æрмæст Дзæуджыхъæуы дыууæйы, кæд æмæ сæ раздæр алы рынчындоны цур афтечы дæр ногæй-ногмæ уагътой, уæддæр. Нæхимæ уыцы бæрнондзинад нæ исæм, фæлæ, чи зоны, фарстайыл бакусын æмæ йе сног кæнын æвзæр нæ уаид сæвзæрд уавæры.

ХУЫБИАТЫ Ларисæ

Хъусынгæнинаг

РЦИ-Аланийы Парламенты æмбырды тыххæй

Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты æртын æртыккæгæм æмбырд уыдзæн 2024 азы 28 ноябры 10 сахатыл Хицауады хæдзары æмбырдтæ араздзæн залы (Сæрибары фæз,1).

Депутаттæ æмæ хуынд адæмы регистраци кæндзысты 2024 азы 28 ноябры 9 сахатæй фæстæмæ Хицауады хæдзары бацæуæны.

Телефонтæ: 53-13-06, 53-33-16.

Мадзал

Цалынмæ сæ мысæм, уæдмæ æгас сты...

Тохы бон куы скæны, уæд Ирыстоны нæлгоймæгтæ хъамалвæстæй фæтагъд кæнынц хæсты быдырмæ æмæ сæ лæгдзинад æмæ хъæбатырдзинадæй сæхицæн кады ном скæнынц.



Заманхъулы нæлгоймæгтæй дæр бирæтæ архайынц сæрмагонд æфсæддон операцийы фыццаг бонæй фæстæмæ, æмæ ныридæгæн се 'хсæн ис, паддзахадон хæрзиуæгæй хорзæхджын чи сси, ахæмтæ. Фæлæ хæст хæст у, хъыгагæн, мæлæт æмдзу кæны нæ лæппутимæ. Куыд Ирыстоны иннæ хъæутæм, афтæ Заманхъулмæ дæр фыдохы уацтæ сыхъуыст къорд хатты. Абон **Цæллагты Аслæнбег, Æгайты Æхсар, Багаты Валери** æмæ **Сатцаты Сæрмæт** сты уыцы æнкъард хыгъды. Бæргæ дзырдтой сæ ныййарджытæ, цардæмбæлттæ æмæ сывæллæттæн, уæлахизимæ уæм зындзыстæм, зæгъгæ. Фæлæ сæ дзырд сæххæст кæнын сæ къухы нæ бафтыд – сæ цард раттой не 'ппæты сæрвæлтау. Фæлæ уый хыгъд баззайдзысты нæ зæрдæты, нæ хъуыдыты, фидæны фæлтæртæн сæ дæнцæгæн хæсдзысты.

Рахизфарсы районы дарддæр цæуынц хъайтарты мысæн мадзæлттæ – ахæм хъæппæрис равдыста бынæттон Сылгоймæгты совет проект «Рæстæг равзæрста мах»-ы бындурыл. Мысæн изæр арæзт æрцыд Заманхъулы бынæттон культурон артдзæсты. Культурæйы хæдзары фойейы ис хъæздыг цæстуынгæ æрмæг хъæуы историйы, йæ бындурæвæрдыты тыххæй, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджытæ æмæ фæллойы раззагдæрты хуызистытæ, ныр та ма дзы фæзынд хицæн бынат, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæй йæ хæдзарыл сæрæгасæй чи нал сæмбæлд, уыцы хæстонты хуызистытимæ. Ам сын сæ хæрзиуджытæ дæр æрæвæрдтой. Фенæн ма дзы ис, Цæллагты Аслæнбег (йæ фæсномыг – «Скиф») тохы быдырмæ йемæ цы Ирыстоны тырыса ахаста, уый. Йæ уæлæ фыст, знагимæ кæимæ тох кодта, уыцы хæстон æмбæлтты нæмттæ æмæ фæсномыгтæ. Куы фæмард, уæд ын æй йе 'мбæлттæ Ирыстоныл сæмбæлын кодтой. Къамтæй нæм кæсынц цардбæллон æрыгон нæлгоймæгтæ, мадзалы чи архайдта, уыцы ныййарджытæ, хæстæджыты цæстытæ та – цæссыгæй – се дзаг, афтæмæй сын дзырдтой сæ цардвæндаджы тыххæй. Уыцы бон цыма Заманхъулы цæрджытæ се 'ппæт дæр культурæйы артдзæстмæ æрæмбырд сты – алкæй дæр фæндыд хъайтарты ном ссарын, Цæллагты, Æгайты, Багаты æмæ Сатцаты зынгхуыст хæстонты ныййарджыты, бинонты рисæй хай райсын. Мадзалы архайдтой районы сæргълæууæг **Фрайты Сослан**, районы бынæттон администрацийы сæргълæууæджы хæдивæг **Цорæты Артур**, хъæуы администрацийы хицау **Хадыхъаты Мухæдин**, хъæуы хистæр **Хадыхъаты Хъасболат**, хъæуты хицæутты **Базраты Аслан** æмæ **Гæлуаты Зауырбег**, районы Ветераны совет æмæ Ныхасы уæнгтæ, Алайнаг хъазахъхъаг æфсад, ахуырад æмæ культурæйы минæвæрттæ, хореограф, Уæрæсейы культурæйы сгуыхт кусæг **Хъайтмазты Мæдинæ**.

Фембæлд барæсугъд кодтой æмдзæвгæтæ æмæ хъайтартыл зарджытæй Культурæйы хæдзары кусджытæ æмæ скъоладзаутæ.

– Сымах фарсмæ уæ зын сахат æрбалæууын – уый, нæ бон æппынкъаддæр цы у уæ рыст æмæ хъыг фæкъаддæр кæнынмæ, уый. Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей Меняйлойы, стæй махæн не 'ппæты номæй уын арфæ кæнын, Райгуырæн бæстæйæн ахæм аккаг хъайтар фырттæ кæй схъомыл кодтат, уый тыххæй, – загъта Фрайты Сослан.

Арфæйы ныхæстæ ныййарджытæ æмæ хиуæттæн загътой Хадыхъаты Мухæдин æмæ Хадыхъаты Хъасболат дæр.

Мадзалмæ æрбацæуджытæ та мысæн изæр сараздзытæн – Культурæйы хæдзары кусджытæ, йæ сæргъы **Æгайты Алинæ**, афтæмæй, стæй рæвдауæндоны коллективæн, хъæуы хицауæн, Беслæны сывæллæтты аивæдты скъола æмæ йæ сæргълæууæг **Цæгæраты Альбинæйæн**, Сылгоймæгты советæн бузныг загътой.

Олеся КРИВОВА,
æхсæнадон уацхæссæг,
авторы ист къам

Газетфыссынад

«Рæстдзинад» – 2025 азы фыццаг æмбисæн



Йæ тæмæны бацыд 2025 азы фыццаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампани. Иннæ хæттытау та ныр дæр «Рæстдзинад»-ы иузæрдион кæсджытæ рафыссдзысты сæ уарзон газет.

«Уæрæсейы пост»-ы цæгатирыстойнаг хайады куыд фехъусын кодтой, афтæмæй 2025 азы фыццаг æмбисæн газет «Рæстдзинад» рафыссыны аргъ у 1464 сомы æмæ 88 капеччы. Уыимæ, адæмы льготон къордтæм чи хауы, уыцы адæмæн та – 1193 сомы æмæ 88 капеччы.

Нæ зынаргъ газеткæсджытæ! Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, мадæлон æвзаг, ирон фысджытæ æмæ нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды æмæ бæллут, цæмæй нæ рæзгæ фæлтæр сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут «Рæстдзинад». Æмæ газет æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстон æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.

Алы ирон хæдзарæн дæр – газет «Рæстдзинад»!

Редакци

Дзырды фарн

Искæй уæрдонæй хи уæрдон хуыздæр у.

ДЖИМИТЫ Гиуæрги

Æмбырд

Бесláны генералон пъланы мадзæлттæ

Республикæйы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис цы æмбырд сарæзта, уым ныхас цыди, Бесláны генералон пъланы социалон-экономикон рæзты мадзæлттæ куыд æххæстгонд цæуынц, ууыл.



Уæрæсейы Хицауад цы бардзырд сфидар кодта, уым ис Бесláнæн ахуырад, æнæниздзинад хъахъхъæнынад, культурæ æмæ спорты уагдæттæ, фæндагон æмæ коммуналон инфраструктурæ сног кæныны 49 мадзалы.

Дзанайты Барис куыд загъта, афтæмæй абон сræвдз сты æмæ кусынц тагъд æххуысы дæлстанцæ, стадион «Пищевик», Менделеевы уынджы ног скъола, музыкалон скъола, Терроризм не 'руадзыны центр, уымæй уæлдай ма фæндæгты уаццæгтæ ногæй рацарæзтой.

Ацы азы кæронмæ ма сцæттæ уыдзысты социалон, коммуналон æмæ фæндагон инфраструктурæйы къорд объекты. Афтæ, Цæгат Ирыстоны арæзтад æмæ архитектурæйы министр **Бетанты Мараты** ныхасмæ гæсгæ, бындурон рацарæзты фæстæ йæ куыст райдайдзæн Сывæллæтты сфæлдыстадон хæдзар. Уæлæмхасæн ахуырады объект алцæмæйдæр уыдзæн æххæстæй ифтонггонд.

Кæронмæ фæхæццæ кæнынц БМК-йы Фæсивæды галуаны бындурон рацарæзты куыстытæ дæр. Республикæйы культурæйы министры фыццаг хæдивæг **Рæмонты Маринæ** куыд зæгъы, афтæмæй уагдоны уыдзæн бынæттæ 900 -1000 адæймагæн, архайдзæн дзы 11 клубон коллективы æмæ 40 кусæн бынаты.

Ныхас цыди Бесláны фæндæгты хызыл дæр. Рахизфарсы районы администрацийы сæргълæууæг **Мырыкаты Хъазыбег** фехъусын кодта, 1 декабры онг пайда кæнын кæй райдайдзысты фæндæгты 16 ног уаццагæй.

– Æппæт объектты дæр куыстытæ хъуамæ фæуой афæдзы кæронмæ. Уæ зæрдыл ма уын иу хатт ærлæууын кæндзынæн, æппæт мадзæлттæ арæзт кæй цæуынц Уæрæсейы Президенты фæдзæхстмæ гæсгæ. Ахсджиаг хъуыддаг у, цæмæй, Бесláны кæй аразæм æмæ ног кæнæм, уыцы социалон ахадындзинады объекттæ, куыд æмбæлы, афтæ кусой, уымæн æмæ не 'ппæт архайд дæр арæзт у горæты цæрджыты уавæрты хæрзхъæддзинад фæбæрзонддæр кæнынмæ, – бафиппайдта Дзанайты Барис.

Бесláны социалон-экономикон рæзты генералон пъланы мадзæлттæ фæлгæты ма æрвылаз, тераты хъыгдард чи баййæфта, уыдонæн алывæрсыг æххуыс лæвæрд цæуы. Уæ зæрдыл уын ærлæууын кæндзыстæм: Уæрæсейы Президенты фæдзæхстмæ гæсгæ, республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйлоимæ** кусæг фембæлды фæстæ федералон субсидиты гуырахст 42 милуан сомæй фæфылдæр 94 милуан сомæ, æххуысы мадзæлттæ та конд цæудзысты 2030 азы онг.

ГАПБАТЫ Алетæ

Арæзтад

Цæрæнуæтты уавæр



Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Арæзтад æмæ архитектурæйы министрады пресс-службæ куыд хъусын кæны, афтæмæй Цæгат Ирыстоны цæрæн хæдзæрттæ 2024 азы январæй октябрмæ арæзт æрцыд 467644 квадратон метры. Уыдонæй хи хæдзæрттæ сты 228548 квадратон метры, 239096 та – бирæуæладзыгон фатертæ.

Уыцы бæрæггæнæн æвдисæн у, национ проект «Цæрæнуæттæ æмæ горæтаг фалдзус» куыд æххæстгонд цæуы, уымæн.

Æрвылаз дæр национ проект йæ размæ æвæры цæрæнуæттæ аразыны нысан æмæ уымæй рæзы арæзтæдты бæрц, стæй цæрæнуæтты уавæр хуыздæр кæнын.

Нæ уацхæссæг

Бынæттон хиуынаффæйад

Æрæфы район: нысантæ – бирæ, гæнæнтæ дæр афтæ

Республикæйы районтæ куыд цæрынц æмæ рæзынц, сæ хъуыддæгтæ цы уавæры сты æмæ сæм цавæр къуылымпытæ разыны сæ размæцыды, уымæ цæст дары республикæйы Парламент. Æппæт лыгæнинаг фарстатæ сбæрæг æмæ сыл ærныхас кæныны, стæй сæ аиуварсæн мадзæлттæ ссарыны фæдыл депутаттæ радыгай бабæрæг кæнынц республикæйы районтæ. Афтæ, ивгъуыд мæй Парламенты депутаттæ уыдысты Æрæфы районы æмæ уым, бынæттон разамынд æмæ æхсæнады минæвæрттимæ фембæлгæйæ, кодтой хъуыддаджы ныхас районы цардыл, социалон-экономикон рæзты нысантыл æмæ, цы паддзахадон æмæ республикон программæты архайынц, уыдон æххæст кæныныл.

Бюджетон политикæ

Ивгъуыд аз районы бюджеты æфтиæгтæ рауадысты 603 983,4 мин сомы, кæнæ та, кæй пълан кодтой, уыцы æфтиæгтæн сæ 99,6 проценты; хæрдзтæ – 604 198,5 мин сомы, пълаы бæрæггæнæнæн йæ 97,4 проценты. Æмбырды архайджытæ бафиппайдтой бюджет æххæст кæныны нывыл уавæр. Уый дзурæг у дæсны административон-финансон политикæйыл, æмæ йæ районы разамынд æххæст кæны фæстаг цыппар азы. Район архайы хи æфтиæгтæ фæфылдæр кæныныл – зæххытæ хаццоны чи райста, уыдон сын фидынц афойнадыл æмæ æххæстæй. Хаццоны лæвæрд чи æрцыд, уыцы зæххытæ районы сты 19 мины æмæ 22 гектары, уыдонæй хъæууонхæдзарадон нысаниуæджы зæххытæ – 18 мины æмæ 211 гектары. Абоны бонмæ республикон бюджетæй район хæстæ нæ дары.

Инвестицитæ

«Цæгат Кавказы федералон зылды райрæзт»-ы паддзахадон программæйы фæлгæты 2016 азы райдыдтой Лескены зæххыты 222 гектарыл фундук садзыны куыстытæ æмæ аххæсдзысты 2025 азмæ. Проект саразæг у æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад «Фундук-Алани». Сæ инвестицитæ сты 128 милуан 600 мин сомы, уыдонæй 2017-2022 азты хъалонтæ бафыстой 1 милуан 565 мин сомы. Уыцы рæстæгмæ арæзт æрцыд 24 куысты бынаты, 2023 азмæ та фæфылдæр сты 34 бынаты онг.

Амалхъомад

Сындæггай рæзы чысыл æмæ рæстæмбис амалхъомад. Ацы азы райдайæнмæ районы уыд хæдзариуæггæнæг 393 субъекты, уыимæ 270 - хи амалхъомы, 123 та - зæхкусæг-фермерон хæдзарады, се 'ппæт дæр сты æфтиагджын. Афæдзы райдайæнæй 16 милуан сомы финансон æххуыс лæвæрд æрцыд дыууæ амалхъомæн. 32 адæймаджы регистрацигонд æрцыдысты куыд хиамалхъомгуыстгæнджытæ. Район бакуыста 19 бизнес-пъланыл, чысыл æмæ рæстæмбис амалхъомадон куыст сæм кæнынц 27 субъекты. Стыр æмæ рæстæмбис куыстуæттæн сæ сæрмагонд капиталыл бафтыд 500 милуан сомы бæрц инвестицитæ.

Раззаг проектыл районы нымад у Æрæфы цæугæдоныл чысыл гидроэлектростанцæйы арæзтад æмæ йæ технологон æгъдауæй сифтонг кæныны инвестицион проект. Йæ аргъ у 458 милуан сомы.

Хъæууон хæдзарад

Хорзыл банымайæн ис хъæууон хæдзарады къабазы рæзт. Ивгъуыд азы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, районы дарынц стурвосы 5 560 сæры (2022 азимæ абаргæйæ, 10 проценты фылдæр), фысвос – 4952 сæры, бæхтæ – 775, кæрчытæ – 9000 сæры. Ивгъуыд аз хъæууонхæдзарадон куыстуæттæ радтой 468,2 тоннæйы дзидза, уыимæ, стуры фыд – 288,1 тоннæйы, фысы дзидза – 82,2 тоннæйы, карчы дзидза – 97,9 тоннæйы, æхсыр – 2140,7 тоннæйы. Зæххы куыстгæнджытæ агротехникон мадзæлттæ сарæзтой æмбæлгæ æмгъуыдтæм. Хортауæн фæзуæттæ сæм фарон уыд 10 596 гектары. Сæ фылдæры байтыдтой нæмыгæн нартхор æмæ дзы бафснайдтой иу гектарæй 90,5 центнеры. Хор хус кæнын æмæ йæ дарынæн районы арæзт æрцыд фондз хордоны, се стырдæр – «Диг-Агро», арæзт æрцыд «2025 азмæ Цæгат Кавказы федералон зылд»-ы Уæрæсейы Федерацийы паддзахадон программæйы фæлгæты. Уыцы-иу рæстæг дзы дарæн ис хоры 30 мин тоннæйы.

Рæзы æмæ парахат кæны дыргъдарыны куыст дæр. Дыргъдæтты иумæйаг фæзуат районы у 627 гектары. Сæ фылдæры сагъд ис фундук. Уыцы куыст кæнынц æнæххæст бæрнондзинады æхсæнæдтæ «Елети Альба», «Фундук Алании» æмæ «Чикфун». Фæлæ хъæууонхæдзарадон продукцийы гуырахст у фæфылдæргæнинаг, уымæн районы ис бирæ гæнæнтæ. Ивгъуыд аз хъæууонхæдзарадон продукци уадзæг куыстуæттæн гранттæ æмæ субсидиты хуызы уыд паддзахадон æххуыс – 120 милуан сомы, ацы азы фараст мæймæ та – 53 милуан сомы.

Промышленность

Æрæфы районы ис иунæг промышленнон куыстуат – æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад «Æрæфы хуыйæн фабрик», уадзы алыхуызон кусæндæттæ æмæ организацитæн сæрмагонд уæлæдарæс. Ивгъуыд аз рауагъстой 118 милуаны аргъ продукци, 2022 азимæ абаргæйæ, сæ продукцийы рауагъд фæфылдæр 126 проценты.



Æнæниздзинад хъахъхъæнынад

Медицинон æгъдауæй бынæттон цæрджытæн лæггад кæны Æрæфы районы центрон рынчындон. Рынчынтæн дзы ис 40 бынаты, стæй ма, æрмæстдæр боныгон кæм вæййынц, 22 ахæм бынаты. Уагдонæн ис дæлхайæдтæ:





фондз амбулаторийы - Лескены, Мæцутæйы, Хæзныдоны, Быдыры Дæргъæвс æмæ Сырх Дыгуры, æртæ фелсырон-акушерон пункты - Толдзгуыны, Сечер æмæ Дзинагъайы, фондз фелсырон пункты - Советон поселочы, Æхсæрысæры, Сырх Дыгуры, Дзæгъепбарз æмæ Мæхческы. Хæзныдон æмæ Сырх-Дыгуры амбулаторитæй фæстæмæ се 'ппæты дæр ис дзæбæхгæнæн хостæ балхæнæн. Районы медицинон кусæндæттæ рынчынтæн лæггад кæнынц 47 дохтыры æмæ 83 астæууккаг медицинон кусæджы. Ивгъуыд аз диспансеризаци хъуамæ ацыдаид 4 376 ас адæймаджы, хъуыддаг бантыст уыдонæн сæ 65,7 процентæн, кæнæ та 2 890 адæймагæн.

Ахуырад

«Ахуырады райрæзт»-ы паддзахадон программæйы фæлгæты ивгъуыд аз цалцæггонд æрцыдысты Хæзныдон æмæ Мæхческы астæууккаг скъолатæ. Цыколайы Фадзайты Арсены номыл спортивон скъола та цалцæггонд æрцыд «Хъæууон фæзуæтты иумæйаг райрæзт»-ы паддзахадон программæйы фæрцы.

Районы ис 12 астæууккаг скъолайы, скъолайы агъоммæйы 8 ахуыргæнæндоны æмæ уæлæмхасæн ахуырады 2 кусæндоны. Ивгъуыд ахуыргæнæн аз районы 12 скъолайы ахуыр кодта 1 685 сывæллоны. Æппæт скъолаты дæр ахуырдзаутæн ис хъарм хæринаг. Рæвдауæндонмæ сывæллоны раттынæн рады лæууын нал хъæуы, бынæттæй хъуаг нал æййафынц. Скъолатæй 8 ис сæхи автобустæ.

Бындуронæй цалцæггæнинаг сты Сечер æмæ Толдзгуыны астæууккаг скъолатæ.

Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад

«Хъæууон фæзуæтты иумæйаг райрæзт»-ы паддзахадон программæйы фæлгæты бындурон рацарæзт æрцыд Цыколайы канализацион хæтæл дæр. Куыстыты аргъ уыд 29 милуан 391 мин сомы. Уымæй уæлдай, рацарæзт цæуынц Толдзгуыны доны хæтæлтæ. Сæ дæргъ у 13,2 километры, куыстыты аргъ – 61 милуан 810 мин сомы.

«Цæрæнуæттæ æмæ горæтаг тыгъдад»-ы национ проекты фæлгæты районы нывылгонд цæуынц æхсæнадон фæзуæттæ. Фæстаг цыппар азмæ районы барæсугъд кодтой æмæ дзы фæллад уадзынæн уавæртæ сарæзтой 11 ахæм бынаты. Уыцы куыст æххæст кæнынц дарддæр, уымæн сын фарон радих кодтой 58 милуан сомы, ацы аз та - 13 милуан сомы. Парламенты депутаттæ районы цы бон уыдысты, уыцы бон Цыколайы байгом, йæ фæзуат 1 500 квадратон метры кæмæн у, ноджыдæр ма иу ахæм тæлм, иннæуыл дæр куыст цæуы.

Районæн йæ сагъæссаг фарстатæй иу у, канализацион сыгъдæггæнæнтæ сæм кæй нæй, уый. Уыцы хъуыддаг æвзæрæрдæм зыны экологон уавæрыл. Хъуыддаг домы республикон бюджетæй фæрæзтæ радих кæнын, цæмæй проектон хæрдзты гæххæттытæ бацæттæ кæной, æмæ объект паддзахадон программæмæ хаст æрцæуа, уымæн.

Фæндæгтæ

Национ проект «Æдас æмæ хæрзхъæд автомобилон фæндæгтæ»-йы фæлгæты фæстаг дыууæ азмæ районы цалцæггонд æрцыдысты регионалон нысаниуæджы фæндæгтæ: Цыкола-Быдыры Дæргъæвс (1,157 километры), Дзинагъамæ бацæуæны фæндаг, «Дзæуджыхъæу-Æрыдон-Цыкола-Лескен 2»-йы автомобилон фæндаджы хай (4,245 километры).

Федералон программæ «Туризм»-мæ гæсгæ, кæронмæ ахæццæ сты «Цыкола-Мæцутæ-Комы-Арт»-ы автомобилон фæндаг (Гæлиатмæ бацæуæны фæндагимæ иумæ) рацаразыны куыстытæ (21 километры).

Арæзт æрцыд Цыколайы иувæрсты цæуæг автомобилон фæндаг «Дзæуджыхъæу-Æрыдон-Цыкола-Лескен 2» (8,020 километры).

«Регионалон (муниципалитетты 'хсæн) æмæ Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы бынæттон нысаниуæджы автомобилон фæндæгты райрæзт æмæ рацарæзт»-ы паддзахадон программæмæ гæсгæ, республикон бюджетæй районæн лæвæрд æрцыд 47 милуан 511 мин сомы, æмæ дзы сцалцæг кодтой бынæттон нысаниуæджы фæндæгты 9 880 километры. Ивгъуыд аз та республикон бюджетæй цы 18 милуан 172,260 мин сомы лæвæрд æрцыд, уыдонæй сцалцæг кодтой фæндæгты 2,45 километры.

Физикон культурæ æмæ спорт

Æрæфы районы кусы 60 спортивон бæстыхайы. Физикон культурæйы къабазы паддзахадон политикæ æххæст кæныны нысанты арæзт æрцыдысты Цыколайы стадион, бирæкъабазджын спортивон фæзтæ Сечер æмæ Быдыры Дæргъæвсы, стæй ма спортивон фæзтæ, Цыколайы, Советон поселочы, Лескен æмæ Сырх Дыгуры цы æхсæнадон бынæттæ банывыл кодтой, уым. Алыхуызон æмæ алы каræн физкультурон-дзæбæхгæнæн æмæ спортивон-дзыллон мадзæлттæ арæзт цæуынц, Цыколайы чи фæзынд, нырыккон уыцы физкультурон-дзæбæхгæнæн комплексы. Йæ фæзуат 5 мин квадратон метры кæмæн у, дыууæуæладзыгон уыцы бæстыхайы ис хъазæн æмæ тренажерты егъау агъуыстытæ, спортивон æмæ аивадон гимнастикæйæ, аэробикæйæ, уæгъдибар хъæбысхæст æмæ спорты бирæ æндæр хуызтæй архайынæн фæзуæттæ.

Культурæ

Районы Культурæйы галуанмæ хаст цæуынц 18 филиалы æмæ иу цæугæ клуб. Культурæйы кусæндæтты архайынц алы жанрты 106 къордтæ. Ис сæм зарæггæнджыты, кафджыты, алыхуызон инструменттæй цæгъдыны, театралон æмæ фольклорон къордтæ, сæ архайджыты нымæц у 1300 адæймаджы. Коллективтæй фондз хæссынц «Адæмон»-ы ном. Районы сфæлдыстадон къордтæ æмæ аивæдты скъолайы ахуырдзаутæ архайдтой 13 дунеон, 5 æппæтуæрæсеон, 3 республикон фестивалтæ æмæ культурон мадзæлттæ æмæ бацахстой раззагдæр бынæттæ, 17 та дзы радтой Гранпри.

Туризм

Историкон, культурон, æрдзон цыртдзæвæнтæ æмæ цымыдисы æфтауæг æндæр зæрдылдарæн бынæттæ Æрæфы районы ис бирæ. Хохаг хъæутæ та уæлдай сыгъдæгдæрæй бахъахъхъæдтой нæ адæмы рагон истори, сæ цардыуаг æмæ æгъдæуттæ. Районы альпинистон, туристон æмæ экологон фæндæгтыл ис фистæгæй цæуæн, бæхыл бадгæйæ тезгъо кæнæн, зымæгон рæстæг хæххон къахдзоныгътыл цæуæн æмæ уыцы-иу рæстæг ирон истори æмæ культурæимæ зонгæ кæнын. Абон районы сæ куыст кæнынц 8 туристон базæйы æмæ альпинистон лагеры, фæллад уадзынæн дзы æдæппæт ис 879 бынаты, уыимæ спортивон-дзæбæхгæнæн комплекс «Порог неба»-йы 290 бынаты, фысымуат «Харес»-ы – 100, турбазæ «Дзинагъа»-йы – 120, «Комы-Арт»-ы – 50, фысымуат «Тана Парк Отель»-ы – 50, турбазæ «Ростсельмаш»-ы – 150, «ИП Созаев» (раздæры «Панорама»)-йы – 39 æмæ «Орлиное гнездо»-йы 80 бынаты.

Уымæй уæлдай, туристон къабазы хиамалхъомтæ фæнд кæнынц сæ архайд ноджы рапарахатдæр кæнын æмæ уый фæдыл æххæст кæнынц инвестицион проекттæ. Сæ фæрцы фæфылдæр уыдзысты куысты бынæттæ, районы бюджетмæ та - æфтиæгтæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, туристты æргом ноджы тынгдæр æрбаздахынæн хъæудзæн хъæууонхæдзарадон, культурон, фысымуатон инфраструктурæ парахат кæнын æмæ уыцы нысанимæ паддзахадон æххуысы мадзæлттæ фæахадгæдæр кæнын.

ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ

Юбилей

Йæ уацмыстæ йын – аргъгæнæг

Поэт Скъодтаты Эльбрусыл сæхæст 65 азы



Поэт, прозаик, драматург, публицист, критик-библиограф, тæлмацгæнæг, национ преми «Нарты фæткъуы»-йы лауреат (2009), хорзæхджын æрцыд Никитæ Михалков разамынд кæмæн дæтты, уыцы Уæрæсейаг культурæйы фонды Кады грамотæйæ. Майдан «Ирыстоны Намысæн»-æй – хорзæхджын.

Скъодтаты Эльбрус райгуырд Цæгат Ирыстоны Сырх-Дыгуры хъæуы. Иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæци хъæуы астæуккаг скъола, стæй та Цæгат Кавказы хæххон-металлургон институты промышленнон æмæ граждайнаг арæзтады факультет (1983). 1983-æм азы æрвыст æрцыд проектон институт «Севосгипрогорсельстрой»-мæ инженер-аразæгæй, фæстæдæр куыста «Севосетинэнерго»-йы инженер-конструкторæй. Куыста мастер æмæ прорабæй арæзтадон объекты.

1991-æм азæй – журнал «Ираф»-ы прозæ æмæ поэзийы хайады редактор, 2007-æм азæй уыд пединституты ЮНЕСКО-йы кафедрæйы редактор-тæлмацгæнæг.

Сфæлдыстадон куыст кæнын райдыдта, скъолайы ма куы ахуыр кодта, уæд. Эльбрус у цалдæр поэтикон чиныджы автор. Сæ иу, «Бонивайæн»-ы тыххæй профессор Хъамболты Тамерлан афтæ фыста: «...Чиныджы цъар рафæлдахгæйæ... æмбарыс: ды чиныджы фарс нæ рафæлдæхтай, фæлæ кулдуары дуар бакодтай диссæгты бæстæмæ – Дыргоммæ. Ам цæрынц, уарзынц æмæ сагъæс кæнынц Эльбрусы хъайтартæ – айнæг къæдзæхтæ, цъæх-цъæхид тархъæдтæ, Дыгуры цъæх фынккалгæ дæттæ – уый у райгуыræн зæххы сыгъдæг суадон. Уыцы сыгъдæг суадонæй поэт исы уæлтæмæн, тых æмæ цардхъомыс. Ам сты йæ уидæгтæ, ам ис йæ уд».

Поэты сфæлдыстады зынгæ бынат ахсы æрдзы темæ, уарзондзинады лирикæ. Йæ сывæллæттæн фыст æмдзæвгæты чиныг «Уодигага» РЦИ-Аланийы Ахуырады министрад бавдыста ахуыргæнæн чиныджы хуызы къласы æддейы кæсынæн.

Скъодтаты Эльбрус фыссы прозаикон æмæ драматикон уацмыстæ. 2012-æм азы рацыд йæ радзырдты, уацмысты æмæ пьесæты чиныг «Фæсонирхæг». Уый у зындгонд ирон фысджытыл фыст бирæ монографиты автор – Малиты Геуæрги, Багъæраты Созыр, Ходы Камал æмæ Хуыгаты Сергейыл.

Скъодтаты Эльбрус разныхæстæ ныффыста 50 чиныгæй фылдæрæн, у бирæ чингуыты редактор æмæ саразæг...

Скъодтаты Эльбрусæн йæ уацмыстæй хуыздæр йæхи тыххæй ничи зæгъдзæн, æмæ йын дæлдæр мыхуыр кæнæм йе 'мдзæвгæтæ.

СКЪОДТАТИ Эльбрус

Изæр Хусфæрæки

Уг нин даруй уой нæ цæстæмæ,
Ке нæма 'йгъæдгæрон мæйдар,
Лæууй туппурбæл, 'ма фæстæмæ
Гъæдæй æрбайгъусуй мæ зар.

Тайуй бони рохс уингæ-уинун,
Банцадæй согдзаути фæрæт.
'Ссæуй уорс мæйæ гъузгæ-гъузун,
'Срохс уй е 'вналдæй Хусфæрæк.

Изæр рæсог æртæх нийтауй
Æмраст нæ зæнхæ – дарæгбæл.
Мæйрохси хицæмæ нийдайуй
Фæрæтгъæр бабæй сатæгбæл.

Цъимара

Æнай-æнойти цийни саргъбæл
Хъумбæстæмæ рафтудтæн цурд.
Хæтуй уазалтæ уомæл рагъбæл,
Уодмæ кæнунцæ тухлæбурд.

Тæхсун цъимарай пъæзумбæрзтбæл,
Къæхти бунæй «лиу-лиу» ледзуй.
Бурун равзарун мæ хъæстæбæл,
Санс мæ фæстæмæ нæ уадзуй.

Хелуй хæсдзæф ба маргхелагæ,
Медханси хуалибæл зелуй.
Еруй астъæнттæ æхе фагæ,
Цъеути бæдæлттæ æууелуй.

Телуй хъамили агъуд уадæ,
Дортæй дони цуд ихælуй.
'Згелуй æ билæ имæр цадæ,
Билгон ниууй хулуй – кæлуй.

Арбæл мегъæ тунтæй ци 'лвесуй?
Æзмælгæй хори, фæлдесуй.
Тавд мæ е 'сæвди нæбал есуй
Æма 'йбæл мæ зæрдæ ресуй.

Ласуй æхемæ мæн цъимара,
Цъируй, æлвасуй, нихъуæруй.
- Гъæйдæ исуадзæ мæ, ма марæ...
Мæ къах сор зæнхæ нæ еруй.

***

Сæумæ – хуæнхбæсти,
Рохс, уазал.
Ма уæд а бæсти
Фуд, адзал.

Ираф – æ кæрзи,
Гъæр, цæхъал.
Цæрун фæразæ! –
Гъæу – игъал.

Тæрсун бæлæстæн
Цæстудæй.
Цъететæй цæстæ
Рæвдуд æй.

Изæддон арв нин –
Дæ цæсгон!
Нивдулæ царви,
Дигоргом!

Фæлмæ

Сæуæхседи артæй
Фæззиндтæн зæнхи арммæ.
Хъуæлти гъазгæй радæй,
Нæ искастæн мæ сæрмæ

Гиризгæнгæй цардæй,
Ратухстæн цъæх изæрмæ,
Бон еувæрсти рандæй, –
Фæууагъта фæлорс фæлмæ...

СКЪОДТАТИ Эльбрус

Ирд цæстисуг

Æрху – æмир бæстæ!
Æрдзæ сосæг конд æй,
Курмæ 'й лæги цæстæ,
Тухсун неци зонгæй.

Цæрун æнаййевæй,
Фæуун мæтæй расуг, –
Дуйне нæ æййевуй,
Арвæй сайтан уасуй.

Кæун мæ еунæгбæл
Ревæд – уодти мæсуг!
Сæумон деденæгбæл –
Рæсог, ирд цæстисуг...

***

Бамæтавæ, уæлæ хор,
Бони цази.
Бамæуадзæ, мæнæ дор,
Дони рази.

Раминзарæ, зургæ дон,
Бамæазæ,
Мæ гузавæ, хъурмæ бон,
Фæмминласæ.

Раминкафæ æхсицгон,
Уас бæласæ,
Сатæг думги фæззигон,
Тасæ-уасæй.

Баминдарæ, «Арви уод»,
Цардихуасæ.
Нæбал ерун мæ амонд
'Ма мæ уасæ.



Цъæрæхснæг

Æхсæркъотæртæ адаги –
Цъæх зæлдагæ изæлуй!
Уалдзæги гъæр мæскъиаги
Ци нæ хузи азæлуй!

Цъæрæхснæгтæн сæумæраги
Сæ цъæхснаг къуар нæ хуссуй,
Цъæр-цъæргæнгæ и даргъ таги
Тæмæссаг зар игъусуй.

Цъæх зæлдæбæл – цурд гæппитæ,
Цъæрæхснæг, о, цъæрæхснæг!
Æхсæрдзæн дин ирд цъæппитæй
Æрæхснадта дæ рæхцæг.

Дæ хуæдсæрмæ – уæйуг тæрсæ,
Æртæх ма йæй и кæрдæг,
Ма мæ фæрсæ, ма ми тæрсæ,
Æрбасæнк кæнæ хæстæг.

Ци дуйней дæ, ци рæсугъд дæ,
Ци инддуг дæ, ци цæрдæг!
Цæмæй цæрис, цæбæл тухст дæ,
Куд æрветис дæ рæстæг?!

Цъæх зæлдæбæл – цурд гæппитæ,
Æртæх ма йæй и кæрдæг.
Дæ къæхтæбæл – алдæнбидтæ,
Цъæрæхснæг, о, цъæрæхснæг...

Исминесæ мегъи уаргъ
Мæ иуонтæй...
Ма мин уасæ, гъæди маргъ,
Мæ фæсонти...

***

Уорс деденæг бæгъæнсарæй,
Бæгънæгæй зир-зир кæнуй.
Игуæрдæнтæбæл хонсарæй
Цæрдæг думгæ искæлуй.

Хор ставуй 'йæй йæ зæлдагæ,
Йæ сугъзæрийнæ тунтæй
'Ма райгъал уй сæумæраги
Уорс деденæг æ фунтæй.

Рахæлеу унцæ æ тъæфтæ
Æ уарзонмæ изолæй.
... Æрæмпулуй фæсарæфтæ
И деденæг сæркъолæй.

Изæйрон сатæг мæйрохсмæ
Уорс деден хе æрæхснуй.
Æртохуй сифтæй æ ростæ,
Дони зармæ æрæхцуй...

Æрмæджытæ бацæттæ кодта АБАЙТЫ Эдуард

Бæрæгбон

Хæлардзинад æмæ иудзинады нысан

Ацы бонты Дзæуджыхъæуы бирæкъабазджын техникумы сбæрæг кодтой Уастырджийы бæрæгбон. Уым иумæ ахуыр кæнынц æмæ хæларæй цæрынц канд ирон чызджытæ æмæ лæппытæ нæ, фæлæ ма хæстæг республикæты минæвæрттæ дæр. Уыдоны 'хсæн ис дагестайнаг æмæ цæцæйнаг фæсивæд дæр.

Бæрæгбонмæ цы кадджын уазджыты æрбахуыдтой, уыдоны 'хсæн уыдысты Дзæуджыхъæуы Промышленнон районы ирон адæмы æгъдæуттæ æмæ культурæйы комитеты сæрдар **Хъайтыхъты Бола,** ирон адæмы уæлдæр советы минæвар, чиныг «Ирон æгъдау» æмæ ма, ирон национ æгъдæуттæ æмæ традицитæ фыст кæм æрцыдысты, ахæм æндæр чингуыты автор **Туаты Руслан**, Ирон дины ныхасы минæвар **Пагæты Зауырбег,** Промышленнон районы хистæрты советы минæвар **Рубайты Аркади** æмæ иннæтæ.

Хъайтыхъты Бола бæрæгбоны арфæтæ ракодта техникумы ахуырдзаутæн, сæ ныййарджытæн, ахуыргæнджытæн, уазджытæн æмæ загъта:

– Фæнды мæ, цæмæй фæсивæд æмбарой, бæрæгбоны нысан цæй мидæг ис, уый. Сымах ныр уæ царды бæрнон къæпхæнмæ схызтыстут, чысыл сывæллæттæ нал стут. Ирон æмбарынадмæ гæсгæ нæ цард иумæйагæй хонæм цардвæндаг. Йæ хæдзарæй рахизгæйæ, сымахæй алчидæр æвдисы йæ бинонты цæсгом æмæ æгъдау. Уынджы кæнæ æхсæнады 'хсæн уæхи куыд дарат, уымæ гæсгæ аргъ кæндзысты уæ ныййарджытæн, уæ бинонтæн. Кæд хорз дарат уæхи, уæд сын арфæ кæндзысты, куыд хорз бинонтæ сты, зæгъгæ. Кæд уæхи æвзæр дарат, уæд та зæгъдзысты, æвзæр, æнæгъдау бинонтæй рацыд, зæгъгæ. Хъуамæ алкæддæр уыцы хъуыддæгтæ уæ зæрдыл дарат. Бинонты 'хсæнæй рахизгæйæ, сымахæй алчидæр у йæ мыггаджы минæвар. Уæ кад дæр мыггаджы у, уæ худинаг дæр мыггаджы худинаг уыдзæн. Уæрæсемæ куы ацæуат, уæд та Ирыстоны цæсгом æвдисдзыстут, æмæ хъуамæ алкæддæр уый уæ зæрдыл дарат æмæ Ирыстоны кад хъахъхъæнат. Сымахмæ гæсгæ хъуыды кæндзысты æппæт ирон адæмыл дæр. Уый канд ирон фæсивæдмæ нæ хауы, фæлæ, Ирыстоны зæххыл чи цæры, уыцы адæмыхæттытæм дæр. Ирон адæм сæрбæрзонд сты, нæхи дин нæм кæй ис, уымæй. Бирæ æвдисæнæг æфсымæртæ Тузар æмæ Барис, сывæллоны бонтæй иу мадзæнæг æфсымæртау кæимæ цард – Биазырты Федæ æмæ Левæ, Джусойты Жорæ, Хуыгаты Евген, Наниты Зауыр, Мухтар æфсымæрты ад кодтой. Сæ хæлар ныхас æмæ фынгыл бадт æнæ Суликъо нæ фидыдта. Бахъуаджы рæстæг адæймагæн фехуыс кæнынмæ Нанийыфыртæй рæвдздæр ничи уыд.



Суликъо йæхи снывонд кодта механизатор æмæ шофыры дæсныйадæн, сабибонтæй бауарзта техникæ. Скъолайы фæстæ Советон æфсады ахицæн кодта йæ граждайнаг хæс æмæ иу бон дæр нæ баулæфыд, афтæ кусын райдыдта Тарскæйы Къостайы номыл колхозы шофырæй. Æртæ азы фæстæ раивта Дзæуджыхъæуы бæлццæттæ ласæн куыстуатмæ. Æртын фондз азы бакуыста, æмæ кæддæриддæр йæ автобус уыд ифтонг. Цæгат æмæ Фæскавказы нæ разындзæн мастер æмæ разамонæг **Челæхсаты Иннæ.** Йæ фарсмæ æрбалæууыдысты ныййарджытæ **Хъараты Аланæ** æмæ **Анатолий Родин** дæр.

Ахæм мадзæлттæ, æнæмæнг, ахъаз сты фæсивæды 'хсæн хæлардзинад æмæ иудзинад фидар кæнынæн, патриотон хъомылады рæзтæн. Хъуамæ рæзгæ фæлтæр зоной æмæ аргъ кæной, нæ фыдæлтæй нын цы рæсугъд æгъдæуттæ æмæ традицитæ баззад, уыдонæн.

ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ,
къам систа
Татьянæ ШЕХОДАНОВА

Фыссынц «Рæстдзинад»-мæ

Йæ зæрдæйы хорзæхæн нæ уыд кæрон

Наниты фæрнджын мыггагмæ бирæ уыд æмæ ис кадджын лæгтæ. Хуыцауы комулæфт кæмæ хæццæ кодта, Наниты Андойы хуызæн, æрдз дзырдамондæй кæй фæхайджын кодта, ахæмтæ. Йæ таурæгътæ æмæ зонды ныхæстæй нæ ахуыргонд рухстауджытæ дзæвгар фæхъæздыгдæр кодтой Нарты кадджытæ, нæ фольклор. Абон дæр ма хистæр фæлтæрæн сæ хъустыл уайынц, зарæгтæнæг, Алагиры цæрæг Наниты Сергейы аив зарæджы зæлтæ. Ацы мыггаджы номдзыд спортсментæн дæрдтыл айхъуыст сæ кады ном.

Нанитæн сæ мыггаджы равзæрд Уæлладжыræй у, Цæразонты байзæддаг сты, Холыстæй. Фæстæдæр Нанитæ фæсхох Дзауы район Начрепамæ раивтой сæ цæрæн. Уырдыгæй рацыдысты цардагур 1944 азы Наниты Нафи, йæ удыхай Багаты Надя сæ аст хъæбулимæ æмæ Цæгат Иры æрцардысты Тарскæйы хъæуы. Сывæллæттæн сæ иуæй иннæ чысылдæр: Верæ, Замирæт, Суликъо, Хазби, Венерæ, Земфирæ, Геор æмæ Мурат. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстæ, уæззау æмæ хæринагæй кадавар азты, аст æнахъом сабиимæ ныййарджытæн æнцон нæ уыд. Фæлæ рæстаг адæмы фарн тыхджын у, уырыд рæстæг, адæм кæрæдзиуыл æнувыддæр уыдысты...



Цард цæуы размæ, æрыромæн ын нæй, йæ фæндаджы хорзæхæн кæмæн хæрзæбон хæссы, кæмæн – маст æмæ сагъæс. Наниты бинонтыл дæр йæ судзгæ цæхæр бакалдта. Нафи æмæ Надя мæрдты бæстæм сæхирдыгæй фæкодтой, æдзардæй сæ чызг Венерæ æмæ фырт Хазбийы. Мæлæт, удхæссæг æгъатыр сты, Хуыцауы дæр нæ фæрсынц. Суликъойы хуымæтæг зæрдæйы уагахаст, хæлардзинад æмæ йæ уды рæстаг скондæн кæрон нæ уыд. Цард цард у, алы адæймагыл дæр хæс æвæрд ис цардуагæй, фæлæ уыцы хæс се 'ппæт æмхуызон не 'ххæст кæнынц. Наниты хуыцауысконд лæгæй уый зæгъæн нæ уыд, уый адæмы хорзæхæн цырагъау сыгъд. Суликъойæн йæ сыхæгтæ Ælборты Виктор, Дзитойты Мурат, Гæбуты Сергей, Куыдзæгты Додик, Хуыгаты Барис, сывæллоны бонтæй иу мадзæнæг æфсымæртау кæимæ цард – Биазырты Федæ æмæ Левæ, Джусойты Жорæ, Хуыгаты Евген, Наниты Зауыр, Мухтар æфсымæрты ад кодтой. Сæ хæлар ныхас æмæ фынгыл бадт æнæ Суликъо нæ фидыдта. Бахъуаджы рæстæг адæймагæн фехуыс кæнынмæ Нанийыфыртæй рæвдздæр ничи уыд.

Суликъо йæхи снывонд кодта механизатор æмæ шофыры дæсныйадæн, сабибонтæй бауарзта техникæ. Скъолайы фæстæ Советон æфсады ахицæн кодта йæ граждайнаг хæс æмæ иу бон дæр нæ баулæфыд, афтæ кусын райдыдта Тарскæйы Къостайы номыл колхозы шофырæй. Æртæ азы фæстæ раивта Дзæуджыхъæуы бæлццæттæ ласæн куыстуатмæ. Æртын фондз азы бакуыста, æмæ кæддæриддæр йæ автобус уыд ифтонг. Цæгат æмæ Фæскавказы нæ разындзæн мастер æмæ разамонæг **Челæхсаты Иннæ.** Йæ фарсмæ æрбалæууыдысты ныййарджытæ **Хъараты Аланæ** æмæ **Анатолий Родин** дæр.

Ахæм мадзæлттæ, æнæмæнг, ахъаз сты фæсивæды 'хсæн хæлардзинад æмæ иудзинад фидар кæнынæн, патриотон хъомылады рæзтæн. Хъуамæ рæзгæ фæлтæр зоной æмæ аргъ кæной, нæ фыдæлтæй нын цы рæсугъд æгъдæуттæ æмæ традицитæ баззад, уыдонæн.

ГУЫЛÆРТЫ Барис,
æхсæнадон уацхæссæг

Спортивон фидиуæг



Футбол

Сæ размæцыд нæ фæрæстмæ

Ивгъуыд сабат æмæ хуыцаубоны Уæрæсейы Фыццаг къорды футболон чемпионаты хъазæг командæтæ акодтой 20-æм туры фембæлдтытæ.



Дзæуджыхъæуы ФК «Алани» 23 ноябры фембæлд Екатеринбурджы командæ «Урал»-имæ. Фембæлд цыди Грознайы, Султан Билимхановы номыл стадионы, кæцыйы алайнæгтæ нымад уыдысты фысымтыл.

Алайнæгтæ фæзмæ æрмæстдæр рамбулыны зондæй кæй рацыдысты, уый æвдыстой хъазты райдайæнæй кæронмæ. Кæд сæ ныхмæлæууæг командæ чемпионаты æртыккаг бынаты цæуæг у, уæддæр дзæуджыхъæуккæгтæ размæ бырстой æнæрлæугæйæ. Бæргæ сарæзтой къорд тæссаг уавæры уазджыты бацæуæнтæм хæстæг, фæлæ та сын нал æмæ нал æнтыст рæстдзæвин фæуын æмæ пурти «Урал»-ы дуары бакъуырын.

Хъазты 9-æм минутыл алайнæгтæ размæ куы атындзыдтой, уæд урайлæгтæ фæцарæхстысты пурти ракъуырын æмæ æвиппайды ныббырст ацаразын, фысымты иварон фæзмæ баирвæзынæн. Сæ ныббырст фæрæстмæ, æмæ «Урал»-ы размæбырсæг Михаил Секулич пурти «Алани»-йы дуаргæс Ростислав Солдатенкойы фæрсты дуары фæмидæг кодта.

«Урал» размæ рацыд 1:0 хыгъдæй, фæлæ, алайнæгтæ размæ кæй тындзыдтой, уый ныфс лæвæрдта, фæхæрд уæвын кæй нæ бакомдзысты, уымæй. Бирæ хæттыты уыдысты хæстæг хыгъд аивынмæ, фæлæ та сын амæйразмæйау, суанг хъазты кæронмæ дæр нал бантыст сæ ныхмæлæуджыты дуары пурти бакъуырын. Хъазт ахицæн «Урал»-ы пайдайæн 1:0 хыгъдæй.

ФК «Алани» йæ ацы азы фæстаг фембæлд 30 ноябры акæндзæн уазæгуаты Калининграды «Балтика»-имæ.

Командæтæ	Хъ	Р	Æ	Х	П	О
1. Балтика	20	12	6	2	26-13	42
2. Торпедо Мæскуы	20	10	10	0	38-16	40
3. Урал	20	10	6	4	30-20	36
4. Сочи	20	9	7	4	34-21	34
5. Черноморец	20	10	3	7	29-26	33
6. Арсенал Т	20	6	12	2	18-14	30
7. Ротор	20	7	8	5	17-15	29
8. Чайка	20	6	9	5	23-22	27
9. СКА-Хабаровск	20	6	8	6	27-30	26
10. Енисей	20	7	3	10	21-26	24
11. Родина	20	5	9	6	19-19	24
12. Нефтехимик	20	5	8	7	17-21	23
13. КамАЗ	20	6	4	10	18-17	22
14. Шинник	20	4	8	8	12-20	20
15. Уфа	20	5	5	10	21-29	20
16. Сокол	20	4	7	9	11-25	19
17. Алани	**20**	**4**	**6**	**10**	**12-21**	**18**
18. Тюмень	20	3	3	14	16-34	12

Хъæбысхæст

Зауырбег разынд сæрæндæр

Ивгъуыд къуырийы, 22-23 ноябры хъæбысхæсты «Иван Поддубныйы лигæ»-йы фæлгæты грекъаг-ромаг æмæ уæгъдибар хъæбысхæстæй Мæскуыйы цыдысты командон ерыстæ. Уæрæсейы дыууæ командæйы фембæлдысты Ираны богæлттимæ.



22 ноябры ерысы бацыдысты грекъаг-ромаг хъæбысхæсты богæлттæ. Фембæлдтытæ цы дæс уæзы цыдысты, уыдонæй фондзы фæуæлахиз сты уæрæсейæгтæ, фондзы та – ирайнæгтæ. Фембæлд кæд 5:5 хыгъдæй ахицæн, уæддæр фæуæлахизуæвæгыл нымад æрцыд Ираны командæ. Афтæ рауад уæгъдибар хъæбысхæсты командæты ерыс дæр.

Фыццаг фондз уæзы фæдфæдыл фæуæлахиз сты Уæрæсейы богæлттæ. 57 кг онг уæзы **Ахмед Идрисов** 3:0 хыгъдæй рамбылдта **Али Момениджудадимæ** фембæлды, 61 кг уæзы **Заур Угуев** 5:1-æй фæуæлахиз **Реза Момениджудадыл**, 65 кг онг уæзы **Шамиль Мамедов** æмæ **Рахман Амузадхалилийы** ныхмæлæуд ахицæн 10:7 хыгъдæй Мамедовы пайдайæн, 70 кг онг уæзы **Курбан Шираев** 5:2-йæ фæуæлахиз **Сина Халилийыл.**

Тынг сæрæн хæст ракодта 74 кг онг уæзы нæ номдзыд богал Олимпиаг хъæзтыты уæлахиздзау **Сидахъаты Зауырбег**. Йæ ныхмæлæуæг уыди зындгонд ирайнаг богал **Амир Яздани**. Зауырбег кæд дæргъвæтин рæстæг ерысты нæ архайдта, уæддæр йæ алы фезмæлд дæр уыд цымыдисаг.

Сидахъы-фырт цы ныббырстытæ сарæзта, уыдоны ныхмæ Язданийы бон нал баци фæлæууын, æмæ сæ фембæлд ахицæн æмгъуыдæй раздæр 12:1 хыгъдæй Зауырбеджы пайдайæн.

Уæрæсейаг богæлттæн уый уыд сæ фæстаг уæлахиз. Иннæ фондз уæзы фæуæлахиз сты ирайнаг богæлттæ. 79 кг онг уæзы **Магомед Магомаев** 5:7-æй фæхæрд **Махди Юсефихадживарæн,** 86 кг онг уæзы **Ибрагим Кадиевыл** 5:8 хыгъдæй фæуæлахиз **Камран Гаемпур**, 92 кг – **Магомед Курбанов** фæхæрд **Амирхоссейн Фирузпурæн** 4:5 хыгъдæй, 97 кг уæзы уæрæсейаг богал **Бады-Маадыр Самданыл** 1:11 хыгъдæй фæуæлахиз **Моджтаба Голейдж**, 125 кг онг уæзы **Шамиль Мусаев** 2:12 хыгъдæй фæхæрд **Амир Хоссейн Зарейæн**.

Командæты фембæлд ахицæн 5:5 хыгъдæй, фæлæ та ам дæр уæлахиздзауыл нымад æрцыдысты ирайнаг богæлттæ.

БАСКАТЫ Уырызмæг

Æмбалы мысгæйæ

Махæй никуы уыдзынæ рох, Тотыр...



Æфсарм, æгъдау, уæздандзинад – ацы миниуджытæ нæ раздæры æмкусæг Нартыхты Тотырæн уыдысты йæ уды хуыздæр æмæ фæзминагдæр. Уæздан – йæ ныхас, йæ хъуыддаг – бæстон, йе 'ххуыс – цæстуарзон.

35 азæй фылдæр Тотыр иузæрдионæй фæкуыста газет «Рæстдзинад»-ы редакцийы. Цалдæр сæйраг редакторæн уыд æнæивгъæ, æнæзивæг шофыр. Йæ дæсныйад зыдта иттæг хорз, уыд æцæг профессионал. Йе 'нæниздзинады уавæрмæ гæсгæ, йæ куыст ныууадзыны фæнд куы скодта, уæддæр æй нæ уагътой, никæцы хицауы фæндыд, ахæм кусæгæй æнæхай фæуа, уый. Лæггад кæнын йæ туджы уыд, йе 'ххуысы хай кæмдæриддæр хъуыд, уым иуварс никуы æрлæууыд. Уал азмæ – æрмæстдæр арфæйы нымæстæ, иунæг уайдзæф дæр никуы рахъуыст йæ номыл. Рæсугъд фæд ныууагъта, чи йæ зыдта, уыцы бирæ адæмы зæрдæты. Æрмæст, хъыгагæн, йæхи цард нæ сарæзта, хъысмæты уынаффæйæ бинонты амонды хорзæхæй нæ фæхайджын. Фæлæ Тотыр иунæг никуы уыд, хи хъæбултау уарзта йе 'фсымæры кæстæрты, æмæ сæ фыд – Тотырæн йæ хистæр æфсымæр – йе 'цæг дунемæ куы ацыд, уæд сын йæ бæсты уыд, рæвдыдхъуаг сæ нæ ныууагъта, узæлыд, суанг ма уыдонæн сæ хъæбултыл дæр. Æмæ йын уыдон дæр фыды лæггад кодтой.

Тотыр райгуырд Хуссар Ирыстоны, Къуайсайы районы. Йæ царды фылдæр æмбис та арвыста Цæгат Ирыстоны. Иухуызон уарзон æмæ адджын ын уыдысты Ирыстоны дыууæ хайы дæр.

Нартыхты мыггаджы дзырддзæугæ æмæ нымад лæг, алкæмæн дæр уыд фидар ныфс. Тотыр цы хорз адæймаг уыд, адæмимæ цæрынмæ куыд арæхст, уыдон ын йæ фæстаг бон дзырдтой йæ бирæ хиуæттæ, æмгæрттæ æмæ йе 'мкусджытæ.

Дæ ном махæй рох никуы уыдзæн, Тотыр!

Дзæнæты бад. Рухсаг у...

«Рæстдзинад»-ы редакцийы коллектив

Номарæн

Фæлмæнзæрдæ, уæздан, æмбаргæ...



Йæ 76 азы цардæй ахицæн нæ зынаргъ, нæ уарзон æмбал, йæ кад, йæ рухс ном дæнцæгæн уæлæуыл кæмæн баззайдзæн, ахæм ахуыргæнæг Хæдзарæгаты Тимафейы чызг Зинæ.

Зинæ æртын азæй фылдæр немæ фæкуыста Ног Бæтæхъойыхъæуы астæккаг скъолайы уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæгæй. Уыцы азтæ мах, хæлæрттæ, æхсызгонæй æрымысæм. Нæ ахуыргæнджыты коллектив уыд æнгом, кæрæдзиуыл уыдыстæм æнувыд. Уыцы миниуæг фылдæр аразгæ уыд нæ ахуырады разамонæг Хæдзарæгаты чызгæй, фæлмæнзæрдæ, уæздан, æмбаргæ ахаст æппæт коллективимæ. Уыд йæ куысты дæсны педагог, æххуыс кодта нæ алкæмæн дæр.

Уæдæ йæхи бинонтæн дæр зæрдиаг лæггад фæкодта Хæдзарæгон. Йæ мад Таняйæн – фæлмæн чызг, æфсымæр Тамерланæн – уарзæгой, ныфсдæттæг хо.

Йæ иунæг бындур, хъæбул Виталикæн та царды фæндагыл – уарзон ныййарæг мад, зондамонæг. Абон йæ хъæбул Виталик йæхæдæг у бинонты хицау. Йæ цардæмбал Иннæимæ хъомыл кæнынц æртæ кæстæры. Зинæйы рухс ном цæргæ-цæрæнбонтæм баззайдзæн бинонтæ, хæлæрттæ æмæ йæ ахуырдзауты зæрдæты.

ТАНДЕЛАТЫ Розæ

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

РЕСПУБЛИКÆ ЦÆГАТ ИРЫСТОН-АЛАНИЙЫ ПАДДЗАХАДОН ИСБОНАД
ÆМÆ ЗÆХХЫ АХАСТДЗИНÆДТЫ МИНИСТРАД
Б А Р Д З Ы Р Д

МИНИСТЕРСТВО ГОСУДАРСТВЕННОГО ИМУЩЕСТВА И ЗЕМЕЛЬНЫХ ОТНОШЕНИЙ
РЕСПУБЛИКИ СЕВЕРНАЯ ОСЕТИЯ-АЛАНИЯ
Р А С П О Р Я Ж Е Н И Е

20 ноября 2024 г. № 698

г. Владикавказ

О внесении изменений в распоряжение Министерства государственного имущества и земельных отношений Республики Северная Осетия-Алания от 1 апреля 2016 года № 87 «Об утверждении перечня государственного имущества Республики Северная Осетия-Алания, свободного от прав третьих лиц (за исключением имущественных прав субъектов малого и среднего предпринимательства), предназначенного для передачи во владение и (или) пользование субъектам малого и среднего предпринимательства»

В соответствии с частью 4 статьи 18 Федерального закона от 24 июля 2007 г. № 209-ФЗ «О развитии малого и среднего предпринимательства в Российской Федерации», постановлением Правительства Республики Северная Осетия-Алания от 23 января 2018 г. № 12 «Об утверждении Порядка формирования, ведения и обязательного опубликования перечня государственного имущества Республики Северная Осетия-Алания, предусмотренного частью 4 статьи 18 Федерального закона «О развитии малого и среднего предпринимательства в Российской Федерации»:

1. Внести изменения в распоряжение Министерства государственного имущества и земельных отношений Республики Северная Осетия-Алания от 01 апреля 2016 года № 87 «Об утверждении перечня государственного имущества Республики Северная Осетия-Алания, свободного от прав третьих лиц (за исключением имущественных прав субъектов малого и среднего предпринимательства), предназначенного для передачи во владение и (или) пользование субъектам малого и среднего предпринимательства» согласно приложению к настоящему распоряжению.

2. Отделу организационной работы и информационной политики обеспечить опубликование изменений, предусмотренных пунктом 1 настоящего распоряжения, в средствах массовой информации, а также на официальном сайте Министерства государственного имущества и земельных отношений Республики Северная Осетия-Алания в сети Интернет.

3. Контроль за исполнением настоящего распоряжения оставляю за собой.

Министр **Р.Тедеев**

Приложение
к распоряжению Министерства
государственного имущества и земельных
отношений РСО-Алания
от 20 ноября 2024 г. № 698

Изменения в распоряжение Министерства государственного имущества и земельных отношений Республики Северная Осетия-Алания от 1 апреля 2016 года № 87 «Об утверждении перечня государственного имущества Республики Северная Осетия-Алания, свободного от прав третьих лиц (за исключением имущественных прав субъектов малого и среднего предпринимательства), предназначенного для передачи во владение и (или) пользование субъектам малого и среднего предпринимательства»

Внести в Перечень государственного имущества Республики Северная Осетия-Алания, предусмотренный частью 4 статьи 18 Федерального закона «О развитии малого и среднего предпринимательства в Российской Федерации», утвержденный Распоряжением, следующие изменения:


1) дополнить пунктом 98 следующего содержания:

«

№ п/п	Правообладатель (обременение) <1>	Наименование имущества <2>	Адрес (местоположение) <3>	Общая площадь (кв. м) <4>	Назначение <5>	Кадастровый номер <6>
98	Республика Северная Осетия-Алания	Земельный участок	РСО-Алания, Пригородный район, с. Кобан	4 835 863	Сельскохозяйственное производство	5:08:0030202:125

».

ООО ФАТ-АГРО
реализует картофель собственного производства. Бесплатная доставка до двери от 50 кг (2 сетки) по городу Владикавказ, в с. Ногир, п. Михайловское, п. Заводской, п. Южный.
Звони и заказывай вкуснейший картофель!
ТЕЛ.: 51-12-12, 76-14-01.



Газет "Рæстдзинад"
хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.
КУСГÆ БОНТÆ — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).
25-67-03



Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Газет «Рæстдзинад»-ы кусджытæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц Бызыккаты Земфирæйæн,
ЦХУЫРБАТЫ Анатолийы чызг Дилярæ
кæй амард, уый фæдыл.



Номыры радхæссæг редактор — **Хуыбиаты Ларисæ.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

Афæлгæст

Зæрдиаг лæвар – сабитæн

Республикæйы кæстæр фæлтæры минæвæрттæн ахсджиаг лæвар ракодта æрыгон фыссæг КАЛМАНТЫ Этери. «Нанайы чызг Зæринкæ» – афтæ хуыйны чиныг. Ærмæст æй дæ къухмæ куы райсай, уæддæр дзы адæймаджы зæрдæ барухс вæййы – хорз гæххæттыл уагъд, æнцон кæсæн æвзагæй фыст, аив фæлгонцгонд, уыцы хъуыддаджы та авторæн баххуыс кодтой, растдæр зæгъгæйæ та йын зæрдиагæй балæггад кодтой æрыгон нывгæнджытæ – ТАБОЛТЫ Зæринæ, ГУСАТЫ Камиллæ æмæ ГАДЗИТЫ Миленæ.



Уæдæ, цымæ чи у, ахæм лæвар чи ракодта Ирыстоны сывæллæттæн, уыцы æрыгон сылгоймаг? Калманты Сталбеджы чызг Этери райгуырд Дзæуджыхъæуы 1983 азы. Фынддæс азы йыл куы цыд, уæд бинонтæ Сталбеджы райгуырæн хъæуы Ольгинскæйы æрцардысты. Ам чызг уыдис скъолайы активондæр ахуырдзауты 'хсæн – архайдта аивадон къорды, сценæ-йыл хъазынмæ дæр тынг хорз арæхст, æмæ уымæ гæсгæ диссаг нæу, йæ ахуыр ЦИПУ-йы аивæдты факультеты кæй адарддæр кодта, уый. Ахуыры азты дæр æнцой нæ зыдта, тæлмац кодта пьесæтæ ирон æвзагмæ, фыста нывæцæнтæ, кодта æндæр сфæлдыстадон куыстытæ.

Беслæны Сывæллæтты уæлæмхасæн ахуырады центры кусын куы райдыдта, уæд Этери æрвыст æрцыд Ольгинскæйы скъоламæ театралон къорды разамонæгæй. Ам, йæ хъарутыл нæ ауæрдгæйæ, дысфæлдæхтæй бавнæлдта æмæ ахуырдзаутимæ æвæрдта сценкæтæ æмæ алыхуызон спектакльтæ, йæ хъомылгæнинæгтæ архайдтой районы æмæ республикон конкурсты æмæ-иу алы хатт дæр уыдысты фыццæгтимæ. Иронау сывæллæттæн бирæ уацмыстæ фыст кæй нæй, уый Этери бамбæрста, йæ куысты-иу æй уырыссаг æвзагæй тæлмац кæнын куы бахъуыд хъæугæ æрмæг, уæд. Æмæ йæм сæвзæрд уыцы уавæр фендæрхуызон кæнынмæ йæхи æвæрæн бахæссын. Райдыдта чысыл радзырдтæ фыссын, рацыдысты йын газет «Слово»-йы, фæстæдæр сæ мыхуыр кодта журнал «Мах дуг» дæр.

Уæдæ цæуыл фыст у ацы чиныг? Фыст у сабидугыл, 80-æм азты цардыл. Йæ сæйраг хъайтар – тыццыл чызг Зæринкæ бирæ уарзы хъæууон цард, йæ ныййарджытæ, йæ баба æмæ нанайы, йе 'мбæлтты, цæрæгойты, æрдз. Цымыдисæй йæ бакæсдзысты æрмæст сабитæ нæ, фæлæ сæ ныййарджытæ дæр, уымæн æмæ нæ алчидæр кæддæр уыди сывæллон, æмæ та нæхи банкъардзыстæм, Калманты Этери цы цаутыл дзуры, уыдоны архайджытæй.

Тынг æхсызгон лæвар ракодта Этери Ирыстоны рæзгæ фæлтæрæн, æмæ йын сабитæ, ныййарджытæ, чиныгкæсджытæ, æнæдызæрдыг, стыр аргъ скæндзыстæ. Калманты чызгæн та нæ зæрдæ зæгъы – сæдæйы фыццаг дын фæуæд, ног æнтыстдзинæдтæм дæм æнхъæлмæ кæсæм!

ГАПБАТЫ Алетæ

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникацийы комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацийы къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий

Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.
Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33**. Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ – 25-91-89. Гæззаты Фатимæ – 25-96-16**. Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19**. Сæрмагонд уацхæссæг: **Гасанты Валери – 25-91-92**. Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) **– 25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис, Хуыбиаты Ларисæ 25-96-31**. Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54**. Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03**. Корректортæ – **25-93-36**, компьютерон цех – **25-93-97**.

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 3062. Заказ № 1293. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru